

## Sezon Siklòn 2022 an Rive: Èske Ou Prepare?



Se mwa jen, epi sezon siklòn lan rive. Kounye a se pi bon moman pou asire ou ke gen plan yo an plas pou pwoteje fanmi ou ak kay ou lè van an kòmanse soufle. Citizens te rasanble yon lis resous pou ede ou prepare ou ak gide ou nan tout faz pwosesis la.

Pou kenbe ou enfòme, Citizens te asosye avèk Rezo Ijans Radyo Piblik Florid (Florida Public Radio Emergency Network, FPREN) pou pote nouvèl ki pi resan yo sou kondisyon meteyo katastwofik ki afekte zòn ou an. Apre yon tanpèt, moun ka tande mizajou FPREN yo sou estasyon radyo piblik yo ak sou sit entènèt mobil [Florida Storms](#) lan.

[Sit entènèt Citizens](#) lan gen ladan tou yon karakteristik [fil nouvèl Trakè Tanpèt](#), ki founi mizajou an tan reyèl [Sant Siklòn Nasional](#) la dirèkteman nan Desktòp ou ak aparèy mobil ou. Citizens ofri tou enfòmasyon sou preparasyon ak repos tanpèt an pasan pa Facebook ak Twitter nan [@citizens\\_fla](#).

Nan sezon siklòn 2022 an k ap pwoche a, moun asire yo ta dwe:

- Prepare yon [kit pwovizyon pou katastwòf](#), aprann [wout evakyasyon](#) ou, epi devlope yon [plan komunikasyon pou fami](#) an ki gen ladan enfòmasyon pou kontak dijans yo. Pa blyie [kreye yon plan pou bèt kay ou!](#) Se pa tout abri dijans ki aksepte bèt kay.
- Foul veyikil ou ak gaz, antre mèb jaden yo epi netwaye lakou ou pou minimize debri k ap volòtjié.

- Enskri ou nan [myPolicy](#), ki se zouti Citizens pou sèvis sou entènèt moun asire yo fè yomenm epi ki adapte ak aparèy mobil yo, pou yo rapòte yon reklamasyon, gade ak telechaje dokiman kontra asirans yo (anwetan dokiman reklamasyon yo) oswa pou fè yon peman. Verifye ke Citizens gen enfòmasyon ki ajou pou kontak ak pou ipotèk.
- Repase kontra asirans ou pou aprann dediktib ki aplikab yo. Kontakte ajan ou an si ou gen kesyon sou opsyon kouvèti asirans lan ak/ oswa pou fè chanjman. Pou jwenn enfòmasyon jeneral sou [kovèti yo](#) ak [dediktib yo](#) vizite seksyon [Fòmasyon](#) sou sit entènèt nou an.
- Asire ke tout enfòmasyon kle sou [pwopriyete ak fami an](#) (kontra asirans, dosye medikal, dosye finansye, dosye bèt kay, detay idantifikasiyon, [envantè kay](#), elatriye) estoke nan yon kote ki an sekirite, ki enpèmeyab ak fasil pou jwenn aksè ladann.
- Si yo mande pou ou reziste ak tanpèt la lakay ou, jwenn yon kote lwen fenèt yo ak pòt yo pou ou pran abri. Yon chanm enteryè oswa yon klozèt se yon bon espas. Kenbe founiti pou katastwòf ou ak dokiman fanmi ou bò kote ou.
- Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou [sitwèb Citizens](#) lan pou fason pou prepare fanmi ou pou sizoka gen yon tanpèt.

Si ou sibi domaj nan pwopriyete, vizite [myPolicy](#) pou rapòte yon reklamasyon.

Èske ou pa gen aksè nan yon konpitè oswa yon aparèy mobil? Nou disponib pou ou si ou gen nempòt lòt kesyon oswa bezwen nan zafè kontra asirans; kontakte Citizens nan 866.411.2742 nan jou lasemèn soti 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET pou jwenn plis asistans oswa pou depoze yon reklamasyon 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt.

## Pran Kontwòl avèk myPolicy



Èske ou bezwen jwenn dokiman kontra asirans ou rapidman? Ou pa bezwen rele! Avèk aksè dirèk an sekirite nan dokiman kontra asirans Citizens ou yo – ki disponib atravè kounye a an pasan pa kont [myPolicy](#) ou – ou ka jwenn aksè nan yo nempòt lè, nempòt kote. Fè Li Oumenm yon fason byen senp.

Paj deklarasyon yo, fakti bòdwo yo, avi anilasyon ak plis toujou - yo nan plamen ou gras ak myPolicy. Lòt opsyon sèvis pou fè pou kont ou yo gen ladan:

- Aksè nan detay kontra asirans ou yo
- Gade ak telechaje dokiman kontra asirans ou yo (anwetan dokiman reklamasyon yo)
- Rapòte yon nouvo reklamasyon
- Fè yon peman

Nou te kreye yon [leson eksplikasyon pratik](#) ki montre ou tout karakteristik aktyèl yo nan myPolicy ansanm ak yon gid etap pa etap pou depoze yon reklamasyon, gade dokiman ak fè peman sou entènèt.

Jeremy Pope, Vis Prezidan Citizens Eksperryans Kliyan di konsa, "Lè nou ajoute nouvo karakteristik nan myPolicy, sa pèmèt kliyan nou yo jwenn enfòmasyon yo bezwen yo, sa ofri yo nan plamen yo opsyon pratik ak efikas pou fè sèvis poukонт yo".

Pou jwenn aksè nan karakteristik sèvis sa yo ou fè poukонт ou yo, sèl sa ou dwe fè se kreye yon kont.

Enskripsyon an Fasil! Ou ka fè enskripsyon ou an pasan pa [myPolicy](#). Sèl sa ou bezwen se adrès imel ki nan dosye nan Citizens, nimewo kontra asirans ou ak Zipkòd pwopriyete/prensipal la.

- Si ou pa te bay Citizens adrès imel ou, kontakte ajan ou an oswa soumet demann ou bay Citizens an pasan pa [Kontakte Nou](#) pou modifie enfòmasyon kontak ou yo.
- Si ou deja gen yon kont myPolicy aktif, ou ka ajoute nouvo kontra asirans nan kont ki egziste deja a.

### Depoze yon Reklamasyon 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt

Ou ka depoze yon reklamasyon sou Entènèt an pasan pa [myPolicy](#), men si ou bezwen èd, ou ka rele ajan ou an oswa liy asistans Citizens lan pou reklamasyon yo - 866.411.2742.

### Sèvis Relè Telekomunikasyon Florid pou Moun ki Soud/Tande di 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt

800.955.8771 (TYY)

800.955.8770 (Vwa)

Citizens ap pèmèt ou ale nan enfòmasyon ou bezwen yo nan fason ki bon pou ou. Donk, kèlkeswa fason ou deside fè li – sou konpitè, aparèy mobil oswa telefòn fiks – nou la pou ede ou.

## Zafè Diminisyon Risk Van: Kay Pi an sekirite, Rabè



Ou deja konnen lè ou ranfòse kay ou pou reziste ak gwo van vyolan, sa ede pwoteje fanmi ou ak sa ki pwobableman envestisman ou ki gen plis valè a. Men, èske ou te konnen li ta ka ede ou ekonomize lajan tou?

Batan, fenèt ranfòse, materyo twati ak lòt amelyorasyon kapab non sèlman ede pwoteje kay ou, men yo ka fè ou ekonomize sou lajan asirans ou tou si yo dokimante kòrèkteman. Sèten karakteristik ka deja preznan nan kay ou an. Gen lòt ki ka ajoute pandan w ap fè amelyorasyon yo.

## Karakteristik Kouran pou Diminisyón Risk Domaj Van

- Pòt ak fenèt ki fèt pou reziste a presyon van ak debri k ap vòltije
- Batan oswa pano kont tanpèt ki pwoteje fenèt ou yo ak lòt ouvèti yo kont van, lapli ak debri k ap vòltije
- Materyo twati ak kouvèti ki klasse pou reziste ak gwo van vyolan ak dlo k ap antre
- Atachman pou miray yo ak twati yo ki fèt espesyalman pou anpeche gwo van vyolan rache twati a
- Twati ki pi rezistan a gwo van vyolan

## Èske ou Kalifye?

Pou dekouvrir si ou kalifye pou rabè pou diminisyón risk, ou ka fè yon enspektè otorize fè pou ou yon [enspeksyon diminisyón risk van](#) ki reponn ak egzijans minimòm lwa Florid la prevwa. [Enspektè otorize yo](#) ka gen ladan enspektè kay, enspektè kòd konstriksyon, kontraktè jeneral, enjenyè, achitèk oswa nenpòt moun ki reponn ak egzijans minimòm Biwo Asirans (Office of Insurance Regulation, OIR) nan Florid la prevwa.

Yo dwe ranpli [Fòm OIR pou Enspeksyon Verifikasiyon Infòm Diminisyón Risk](#) (OIR-B1-1802) lwa Florid la egzije, epi apre sa ou ka bay ajan ou an fòm lan. Se toujou yon bon lide pou verifye avèk ajan ou an anvan ou fè nenpòt amelyorasyon pou asire ke yo kalifye. Pou jwenn plis enfòmasyon sou diminisyón risk van ak sou enspekson, vizite [Citizens Learning Library \(Bibliyotèk Aprantisaj\)](#).

## Mete yon nouvo twati?

Byenke anpil karakteristik diminisyón risk ka deja enstale sou kay ou an, lòt karakteristik ka ajoute apre kay la fin bati. Si w ap mete yon nouvo twati, pa egzanp, mande antite k ap enstale twati ou an enfòmasyon sou karakteristik diminisyón risk van yo, sa gen ladan materyo segondè pou rezistans kont dlo.

Si w ap ranplase pòt yo oswa fenèt yo, sonje ke yo tout dwe respekte estanda minimòm yo pou diminisyón risk pou kalifye pou yon rabè. Si ou ranplase kèk, men ou pa ranplase tout, sa pa pral deklanche ekonomi. Asire ke ou pale avèk ajan ou an pou asire ke ou gen bon dokiman yo. Li ka verifye tou pou wè si ou kalifye pou lòt [rabè](#) nan Citizens.

Pandan Florid ap antre nan sezón sìklòn 2022 an, kounye a se moman pou asire ke kay ou prè sizoka van an ta soufle. Diminisyón risk van ka ede pwoteje fanmi ou ak pòch ou. Sa fè sans ... epi li kreye santim.

## Pa Kite Bèt Kay Ou yo "Viktim" nan yon Ijans



Pou onore Mwa Nasyonal Preparasyon pou Bèt Kay yo, n ap pataje konsèy pou ede ou prepare – menm si ou oblige evakye kay ou.

### Preparasyon poi Bèt Kay se yon Bagay Fasil!

1. **Fè yon Plan:** Pou kòmanse, jwenn abri lokal yo ak otèl yo ki gen politik ki aksepte bèt kay. Pou jwenn yon lis abri nan Florid ki aksepte bèt kay yo, tcheke nan [Pets Welcome](#) epi kontakte chèltè apa yo pou konfime aksè yo ki aksepte bèt yo. Ou ka konsidere enstalasyon pansion yo tou oswa zanmi ak fanmi andeyò vil la ki ka ebèje bèt kay ou yo nan ka dijans.

Ajoute nan pòt devan ou oswa toupre pòt la yon estikè [Avètisman Sekou](#) – ki disponib gratis nan pifò Sosyete Pwoteksyon Bèt oswa chèltè lokal yo – pou fè premye sekouris yo konnen gen bèt kay andedan an. Mete enfòmasyon pou kontakte veterinè ou. Kenbe yon kòd ak kolye ki gen tag ID ajou pou chak nan bèt kay ou yo toupre pòt la pou ou ka trap yo nan yon mache prese.

2. **Prepare yon kit dijans pou konpayèl ak pwal ou an:** Mete ladann bagay debaz tankou manje ak dlo, men mete tou jwèt oswa dra prefere bèt kay ou an pou ba li kèk konfò lè pi bon moun yo a nan yon sitiyasyon ki bay estrès. Fè wotasyon pwovizyon ki nan kit bèt kay ou an nan menm orè ak kit pou fwaye ou pou kenbe yo toude fre.

Panse ak kenbe yon rezèv konplè founiti pou pran abri sou plas ak yon kit atik esansyèl 'a-anpòte' pou sizoka ou ta dwe evakye. Men yon enfografi lis kontwòl pratik pou itilize lè w ap prepare kit bèt kay ou an.

3. **Rete Enfòme:** Aktive [alèt dijans san fil yo](#) sou aparey mobil ou epi enskri pou resevwa notifikasyon nan men [AlertFlorida](#). Toujou antre bèt kay yo anndan depi premye siy move tan oswa yon katastwòf.

Telechaje [Florida Storms](#) oswa aplikasyon [FEMA](#) a se yon lòt trè bon fason pou ou rete enfòme epi resevwa mizajou sou kondisyon meteyo lokal yo. Ou kapab adapte anplasman yo nan chak aplikasyon pou siveye kote w ap viv la ak anplasman evakyasyon ou te planifye davans lan pou rete an sekirite nan tout sitiayson yo.

4. *Planifye ak Fè Pratik Pandan Tan An Kalm:* Li enpòtan pou fè pratik plan ou pandan tan an kalm. Bèt kay yo ka kapte estrès ou oswa sitiayson tansyon yo. Pratik regilye ede ou prepare, epi li ede bète kay ou an abitye l ak yon chanjman nan woutin lan.
5. *Pa blyie Swen Annapre:* Sonje panse ak swen bète kay apre yon ijans oswa yon katastwòf. [Lakwa Wouj Ameriken](#) mete konsèy pou rekiperasyon ki pral ede ou rete annamoni avèk bète kay ou. Siveyans danje ki afekte ou oswa bète kay ou se yon pati esansyèl nan asire sekirite tout moun apre yon evènman.

Prepare jodi a! Si ou swiv konsèy pou preparasyon sa yo epi ou kenbe yon orè regilye pou verifye kit ou an, se yon trè bon fason pou ou gen lapè nan tèt ou ke ou prepare pou nenpòt evènman epi sa pral rann reyaksyon ou pou katastwòf pi san pwoblèm.

(Remak: Gid enfòmasyon sa a konsantre sitou sou chat ak chen. Si ou enterese nan kreye yon plan pou lòt bète tankou zwazo, reptil oswa chwal/bète elvaj, vizite [Ready.gov](#) oswa [Divizyon Jesyon Ijans nan Florid](#) la pou jwenn lòt konsèy anplis.)



**Kreye yon Kit #PetPrep**

<b>Kit Dijans Debaz pou Bète Kay</b>	<b>Enfòmasyon sou maykwotchip/prèv pwopriyete</b>
<b>Kòd, anachman ak kolye ID</b>	
<b>Dosye vaksinasyon yo</b>	
<b>Enfòmasyon sou medikaman ak preskripsyon</b>	
<b>Mayo Loraj/Kaskèt Kalman</b>	
<b>Foto resan oumenm ak bète kay ou</b>	
<b>7-10 jou rezèv manje ak dlo</b>	
<b>Bòl pou manje ak dlo</b>	
<b>Kit Premye Swen pou Bète Kay</b>	
<b>Pwovizyon pou twalèt</b>	
<b>Kaj oswa Nich</b>	
<b>Dezenfektan ak sèvyèt papye</b>	
<b>Sachè pou poupou, bwat ak sab pou chat fè bezwen</b>	
<b>Jwèt, gatri ak dra</b>	

**CITIZENS PROPERTY INSURANCE CORPORATION**

## myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365

## Rele Citizens First nan 866.411.2742

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon byen presi sou kontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET